

Mibvunzo inowan zobvunzwa maererano nekushanduka kwemwaka muZimbabwe



Rutendo

Tinoda kutenda vanhu vakawana nguva yekunditumira mibvunzo yavo maererano nekushanduka kwemamiriro ekunze, zvikuru sei: chikwata chevarimi che*Humana People to People farmers group*, chikwata chinoona nezvekushanduka kwemamiriro ekunze che*Zimbabwe Climate Action group*, Dr Leonard Unganai (varimi vekumatunhu eBuhera neChimanimani), chikwata chevarimi vadiki chepaFesibhuku che*Zimbabwe Small Scale Farmers Facebook group* nechikwata chinoona nezvekushanduka kwemwaka che*Climate Change Working Group*. Tinodawo kutenda veCOMALISA vakaongorora zviru mugwaro rino.

Tinonyanya kutenda VaElisha N Moyo veongororo netsvakurudzo muBazi rehurumende rinoona nezvekushanduka kwemwaka (Climate Change Management Department)

Rakanyorwa na: Anna Brazier

ReChirungu rakapepetwa na: Carole Pearce

Magwaro eChiringu, ChiShona neChiNdebele akaongororwa na: Elisha N Moyo

Mifananidzo yakaitwa na: Clever Tsingano

Rakaturikirwa na: Muzvinafundo Emmanuel Chabata, veAfrican Languages Research Institute paYunivhesiti yeZimbabwe

Chimiro chebhuku chakagadzirwa na: Ricardo Chitagu

Rakapirindwa nevePrintworks

Rakapirindwa muna 2018

Zviri mukati

Rutendo	I
Mibvunzo yakasiyana-siyana	1
1. Chii chinonzi kushanduka kwemwaka?	1
2. Chii chinokonzera kushanduka kwemwaka?	3
3. Ichokwadi here kuti mwaka uri kushanduka?	6
4. Ndiani ari kukonzera kushanduka kwemwaka?	6
5. Ndezvipi zvinokonzerwa nekushanduka kwemwaka?	7
6. Ndiani achanyanya kukanganiswa nekushanduka kwemwaka?	8
7. Tinogona kudzivirira kushanduka kwemwaka uye kuita kuti mwaka udzoke pakare here?	10
8. Kushanduka kwemwaka kuchakonzerwa kurwisana panyaya dzezviwanikwa here? ..	10
9. Zvakanaka zvinokonzerwa nekushanduka kwemwaka zvinogona kudarika zvakaipa here?	11
Ndezvipi zvinokonzerwa nekushanduka kwemwaka muZimbabwe?	12
10. Ndedzipi nzvimbo dzichakanganiswa zvakananyisa?	13
11. Mamiriro ekunze emuZimbabwe achashanduka sei mune ramangwana?	14
12. Ndezvipi zvichaitika pavanhu?	15
Chii chiri kuitwa maererano nekushanduka kwemwaka?.....	18
13. Chii chiri kuitwa nenyanzvi dzesainzi nevari mune zvevatongerwo enyika?	19
14. Chii chinonzi Climate Finance?	21
15. Vanhu vemuZimbabwe vangararama sei zvinoenderana nekushanduka kwemwaka?	22
16. Vanhu vemuZimbabwe vangaderedza sei mweya ine tsvina inoenda mumhepo? ..	25
Mibvunzo yakabva kuvagari vemumaruwa emuZimbabwe.....	28
17. Varimi vangaziva sei mwaka wemvura wavanofanira kutarisira?	28
18. Chii chingaitwa nevarimi mumwaka ine mvura shoma?.....	29
19. Kushanduka kwemwaka kuri kuwedzera udyi nezvirwere zvezvirimwa nezvipfuwo here?.....	35
Mibvunzo yakabva kuvanhu vemuZimbabwe vanogara mumadhorobha	38
20. Kushanduka kwemwaka kuchakanganisa madhorobha nemaguta sei?	38
21. Chii chingaitwa nevagari vemumadhorobha pakugadzirisa zvinokonzerwa nekushanduka kwemwaka?	41

Mibvunzo yakasiyana-siyana

1. Chii chinonzi kushanduka kwemwaka?

Kuti tinzwisise kushanduka kwemwaka tinofanira kutanga taziva mutsauko uri pakati pemamiriro ekunze nemamiriro emwaka.

Mamiriro ekunze -mamiriro ezvinhu mumhepo panzvimbo nenguva iri kutaurwa nezvayo (zvakaitea sekupisa kana kutonhora, kunaya kwemvura, uwandu hwemvura mumhepo, mhepo neuwandu hwemakore mudenga).

Mamiriro emwaka mamiriro ekunze anowanzoitika panzvimbo mumakore anosvika kana kudarika makumi matatu.

Kushanduka kwemwaka kushanduka kwemamiriro ekunze kunowanzoitika/kunowanzoitarisira panzvimbo munguva zhinji. Mumakore makumi akawanda apfuura mamiriro mwaka uri kushanduka nokukasira kwakanyanya kudarika zvakaitea muzvuru zvakare. Chiratidzo chikuru cheshanduko iyi ndechekuwedzera **kupisa kwekunze** – kuwedzera kupisa kwekunze uku kunodarika zvinosiwanzoitika munyika dzepasi rose. Izvi zvakonzerera shanduko pamanayiro emvura, mafambiro emwaka, kusanaya kwemvura, mafashamu emvura, kunaya zvine hashha kwemvura nekunyungudika kwemazinga echando kunyika dziri kure izvo zvakonzerera kuwedzera uwandu hwemvura mumakungwa nemunyanza.

Mwaka yemuZimbabwe

Nguva zhinji muZimbabwe munowanzonaya uye muchipisa kubva pakati paGumiguru kusvika pakati paKurume uye muchitonhorera nekunaya mvura shoma pakati paChivabvu naNyamavhuvhu.

Chinhu chinotarisirwa kuti mwaka ushanduke mamwe makore chero zvazvo zvisingarevi kuti mwaka unenge washanduka zvachose. MuZimbabwe munonaya uwandu hwemvura hwakasiyana-siyana mumakore akasiyana-siyana uye imwe mwaka yechando inotonhora kudarika imwe. Mamwe makore anogona kupisa zvakanyanya kanakusanaya mvura zvakanaka asi

Chii chinonzi El Niño What is El Niño?

El Niño mamiriro ekunze anoitika ega anowanzoitika mushure menguva yemakore ari pakati pemaviri nemanomwe oga oga. Mamiriro aya anoonekwa nokudziya kwemunyanza yePacific. Kudziya uku kunenge kwakanyanyisa zvekuti kunokanganisa mamiriro ekunze munyika dzepasi rose, zvichikonzera kusanaya kwemvura kune dzimwe nzvimbo (dzakaita seZimbabwe) nemaflashamu emvura kune dzimwe. Mamiriro anopikisana neEl Niño ndeLa Niña, ayo anoonekwa nekutonhorera kwemunyanza yePacific. Mugore reLa Niña muZimbabwe munowanzonaya mvura yakawanda. Kuburikidza nekuongorora kupisa kana kutonhora kwemhepo yemunyanza, nyanzvi dzesainzi dzinogona kutiyambira maererano neEl Niño kana kuti La Niña inenge ichiuya. Nyanzvi dzesainzi zhinji dzinofunga kuti kuwedzera kudziya kuri kuitika munyika dzepasi rose kuchawedzera zvinokonzera neEl Niño neLa Niña.



mamwe achinaya mvura yakawanda. Kusiyana kweuwandu hwemvura inonaya muZimbabwe kunowanzokonzera nekuvepo kana kusavepo kwe**El Niño**-mamiriro ekunze anoitika ega mushure memakore mashoma oga oga.

Kuburikidza nekushanduka kwemwaka, mumakore zana adarika kudziya kwekunze kwakawedzera nechikamu chepakati nepakati cheo.4°C muZimbabwe.

Kune dzimwe nzvimbo kwakaitika shanduko yakakura kana kuti yakaderera kudarika apa. Mazuva anopisa zvakanyanya pagore ari kuwanda uye mazuva anotonhorera ari kuita mashoma. Huwandu hwemvura inonaya iri kudererawo.

2. Chii chinokonzera kushanduka kwemwaka?

Nyanzvi dzesainzi dzinobvumirana kuti chinonyanyokonzera kukasira kushanduka kwemwaka kuri kuitika panguva ino ndeimwe mweya iri kuiswa mumhepo inobva pazvinhu zvinoitwa nevanhu. Mweya iyi inoramba iri muchadenga yoita segumbeze rinorambidza mudziira kubva panyika izvo zvinokonzera kuwedzera kupisa kwekunze munyika dzepasi rose.

Mweya inokonzera kupisa kwekunze

Mweya inokonzera kudziya kwekunze munyika dzepasi rose inonzi magreen house gas (GHG). Mweya iyi inosanganisira kabhoni dhayokisaidhi (carbon dioxide), nitirasi okisaidhi (nitrous oxide) nemiteni (methane). Chiitiko chero chipi zvacho chinoshandisa peturu, dhiziri, marasha negasi rekubikisa chinowedzera mweya inokonzera kupisa kwekunze mumhepo/muchadenga. Mweya iyi inowedzerwawo mumhepo kuburikidza nemoto yesango , kutema miti, kuparadza zvinomera paivhu, kurima zvirimwa nokuchengeta zvipfuwo zvakawanda panzvimbo imwechete, kupisa huni, kurasa marara, mimwe mishonga inoshandiswa pakutonhodza zvinhu mumafiriji nezvimwe zvakawanda zvinoitwa mumakambani anogadzira zvinhu. Mweya inokonzera kupisa kwekunze inoiswa mumhepo panzvimbo imwe chete asi inokanganisa nyika dzepasi rose. Mizhinji yemweya inoiswa mumhepo iyi inogaramo kwenguva refu ingaite makumi namakumi amakore.

Zvimwe zvinokonzera kushanduka kwemwaka


Zvimwe zvinoitika zvisingakonzerwi nevanhu zvakaita seshanduko dzinoitika pakupisa kwezuva nekuputika kweusvusu hunopisa hunobva muvhu zvinoshandurawo mamiriro ekunze asi shanduko inokonzerwa nezvinhu izvi idiki chose zvekuti haingavi tsananguro yekukasira kupisa kwemwaka kwakaitika muzana remakore apfuura.




Painoiswa mumhepo, mweya inowedzera kupisa kwekunze inoumba chidzitiro chakaita segumbeze pamusoro penyika yose. Chidzitiro ichi pachinoramba chichiwedzera kukora, nyika dzose dzinowedzera kupisa. Uku ndiko kuwedzera kupisa kunoitika munyika dzepasi rose kunokonzera kushanduka kwemwaka.

Kuburitswa kwetsvina (yakaita sechiutsi chinobva pamotokari, makambani anogadzira zvinhu, moto wehuni kana kuti chinobva kune zvimwe zvisingakonzerwi nevanhu) kunogona kutonhodza mhepo. Zvisinei, tsvina iyi inokonzera matambudziko makuru ezveutano kuvanhu uye inoshandura mafambiro emhepo nemanairo emvura.


Machati aya anotaridza zviitiko zvinonyanya kuburitsa mweya inokonzera kupisa kwekunze munyika dzepasi rose nemuZimbabwe. Kushandisa marasha kugadzira magetsi pamwe chete nemabasa anoshandisa mafotereza pamwe nendove yezvipfuyo (kurima) ndiwo anoburitsa mweya iyi yakawanda muZimbabwe.



Chionwa 1 Zvinonyanyoitwa nevanhu zvinoburitsa mweya inokonzera kupisa kwekunze nekushanduka kwemwaka. Zvakabva muIPCC 2014



Chionwa 2 Zvinonyanyoitwa nevanhu muZimbabwe zvinoburitsa mweya inokonzera kupisa kwekunze nekushanduka kwemwaka. Government of Zimbabwe 2016 Third National Communication to UNFCCC



Vamwe vanhu havabvumi kuti mwaka uri kushanduka zvisinei neumboo hweshanduko hwese huripo

3. Ichokwadi here kuti mwaka uri kushanduka?

Hongu! Nyanzvi dzesainzi dzanga dzichiunganidza umboo maererano nekuwedzera kupisa kwekunze kwemakore anodarika zana. Kuburikidza nekuunganidza ruzivo kubva pazvinhu zvakawanda, nyanzvi idzi dzakawana umboo hwekuti panguva iyo pakaitwa mabasa anoburitsa mweya inokonzera kupisa kwekunze yakawanda, munyika munenge muchiwedzerawo kupisa.

Chero zvazvo kune vanhu vashoma vanopikisana nepfungwa yekuti zvinhu zvinoitwa nevanhu ndizvo zvinokonzera shanduko yemamiriro ekunze, vanhu vashomasa ndivo vari kuramba kuti mamiriro ekunze ari kushanduka. Zvisinei, uwandu hwezvikumakumi mapfumbamwe nezvinomwe kubva muzana (97%) hwenyanzvi huru dzesainzi hunobvumirana kuti mwaka uri kushanduka uye kuti kushanduka uku kunokonzerwa nezvinoitwa nevanhu.

4. Ndiani ari kukonzera kushanduka kwemwaka?

Nyika dzakapfuma dzekuEurope, North America nekuAustralia dzakaburitsa mweya inokonzera kupisa kwekunze nekushanduka kwemwaka yakawanda panguva yapfuura. Nyika dziri kusimukira mune zveupfumi nokukasira dzakaita seChina, India, South Africa neBrazil dzava kuburitsawo mweya iyi yakawanda. Parizvino China ndiyo iri kuburitsa mweya inokonzera

kupisa kwekunze yakawanda kudarika dzimwe nyika dzose. Zvisinei, kana tikahwerengedza mweya yakaburitswa mumakore ose, USA ndiyo yakaburitsa yakawandisa ichiteverwa nenyika dzekuEurope.

Pakuvandudzwa kunoitwa mabasa ezveupfumi, Zimbabwe nedzimwe nyika dziri kubudirira dzinowedzerawo mweya inokonzera kupisa kwekunze. Nokudaro nyika dzose dziri kutsvaka nzira dziri nane dzekuunza budiriro pasina kuwedzera mweya inokonzera kupisa kwekunze nekushanduka kwemwaka.

5. Ndezvipi zvinokonzerwa nekushanduka kwemwaka?

Kushanduka kwemwaka kwava kutokanganisa nyika dzakawanda. Mumakore zana adarika, kupisa kwekunze munyika dzepasi rose kwakawedzera nechikamu chinoda kusvika $pa1^{\circ}C$. Ichi hachiiti sechikamu chihombe asi nyanzvi dzesainzi dzinotitaurira kuti kana kupisa kwekunze kukawedzera nechikamu chinodarika $2^{\circ}C$, mabasa ekurima anenge asisaitiki munzvimbo zhinji dzemuAfrica, nokudaro ruzhinji rwevanhu ruchava nenzara uye vanhu vachamanikidzwa kusiya nyika dzavo vachienda kune dzimwe. Parizvino, kana hurumende, vemabhizimisi nevanhu vakazvimirira vakasatora matanho akasimba ekuderedza mweya inokonzera kupisa kwekunze inoiswa mumhepo, kupisa kwekunze kunogona kuwedzera ne $3^{\circ}C$. Takatoisa mweya



Tose tinokonzera kushanduka kwemwaka nenzira dzakasiyana-siyana

inokonzera kupisa kwekunze yakawanda mumhepo zvekuti imwe shanduko yemwaka haichabviri kudzivirira. Zvichaitika zvinosanganisira

- kuwedzera kupisa kwekunze, uko kunokanganisa utano hwevanhu nemhuka, mabasa ekurima nemasango pamwe chete nokuwanda kwemoto yesango.
- kuderera kwemvura yekunaya, uko kunokonzera kushaikwa kwemvura. Izvi zvinokanganisa utano hwevanhu, zvirimwa nezvipfuwo, zvose zvinorarama musango nemiti.
- **kuwedzera kwenjodzidzakaipisisa dzinechekuita nemamiriro ekunze**, dzakaita sekunaya kwemvura ine hasha dzakanyanya, chimvuramabwe, mipande, kupisisa kwekunze nemafashamu emvura.
- **kuwedzera kwemvura mumakungwa**, uko kunokonzera kurasikirwa neminda yekurima nekunyudzwa mumvura kwemamwe maguta makuru-kuru munyika dzepasi rose.
- **kuwedzera kukura kwemakwenga**, kuderera kweminda yekurima nenzvimbo dzinogara mhuka dzesango.

6. Ndiani achanyanya kukanganiswa nekushanduka kwemwaka?

Nyika dziri muAfrica, Asia neSouth America ndidzo dzichanyanyokanganiswa nekushanduka kwemamiriro ekunze. Izvi zvinodaro nokuti nzvimbo idzi dzagara dzichidziya uye dzine mamiriro ekunze anoshanduka-shanduka uyezve nokuti nyika zhinji dziri mumatunhu aya ndedzevarombo, nokudaro hadzikwanisi kubhadharira nzira dzekuderredza matambudziko anokonzera nekushanduka kwemamiriro ekunze. Semuenzaniso, kana kuwedzera kupisa kwekunze kukaitika munyika dzakapfuma, dzinokwanisa kuisa michina inoburitsa mhepo inotonhorera muzvivakwa nemumotokari. Zvisinei, hurumende dzenyika zhinji dzichiri kusimukira dzakaita seZimbabwe hadzikwanisi kutenga michina iyi nekutora matanho anoderredza matambudziko aya. Nechikonzero chekuti nyika dzakabudirira ndidzo dzakanyanyokonzera shanduko yemamiriro ekunze uyewo nokuti dzine upfumi hwakawanda, nyika dzichiri kusimukira dzakabudirira



Vanhukadzi nevana vadiki ndivo vachanyanyokanganiswa nokushanduka kwemwaka dzinemusenzekete wekubatsira pakugadzirisa matambudziko anokonzera nekushanduka kwemamiriro ekunze.

MuZimbabwe, nzvimbo dzekumaruwa nedzekumadhorobha dzichasangana nematambudziko akasiyana. Nzvimbo dzekumaruwa, zvikuru sei dziri nechekumaodzanyemba kweZimbabwe, ndidzo dzichasangana nematambudziko akanyanyisa. Izvi zvinodaro nokuti nzvimbo idzi dzagara dzichipisa uye dzakaoma. Kushanduka kwemamiriro ekunze kuchawedzera matambudziko aya. Vanhu vanogara mumaguta vachasangana nedambudziko rekupisisa kwekunze pamwe chete neremafashamu emvura. Zvinhu zvinokanganisa zvinhu zvakananyisa zvakaita semvura inonaya nehaha, chimvuramabwe nemhepo inofamba nesimba rakawanda zvinotarisirwawo kuwanda nekukanganisawo nzvimbo itsva.

Varombo ndivo vachanyanya kutambudzika nokuti havakwanisi kuzvichengetedza kubva kune zvakaipa zvinokonzerwa nekushanduka kwemwaka. Semuenzaniso, mhuri dzakapfuma dzinogona kuchera zvizhorani nokuvaka matangi emvura senzira yekuzvichengetedza kubva kudambudziko rekushaikwa kwemvura asi mhuri dzevarombo hadzikwanisi kuita izvi. Zvinotarisirwa kuti vanhukadzi vekumaruwa vachatambudzika zvakananyanya nekuda kwekushanduka kwemwaka sezvo vari ivo vagara vachiita mabasa ekurima neekutsvaka huni nemvura. Kushanduka kwemwaka kuchaita kuti

mabasa aya awedzere kuoma. Vanhurume vanokwanisa kuenda kumaguta kana kuti kune dzimwe nyika kundotsvaka mabasa panguva yekusanaya kwemvura asi vanhukadzi vanowanzotarisirwa kusara vakachengeta misha, vanhu vakaremara, vakwegura nevanorwara.

7. Tinogona kudzivirira kushanduka kwemwaka uye kuita kuti mwaka udzoke pakare here?

Kana hurumende dzenyika dzose dzikabatana uye dzikakurudzira vanhu, uye vemabhizimisi vakakasira kuderredza mweya inokonzera kupisa kwekunze yavanoburitsa, tine mukana wekumisa kuparadzwa kwemabasa ekurima, misha yevanhu nemasango kunokonzerwa nekushanduka kwemamiriro ekunze. Izvi zvinogoneka kana pakatorwa matanho aya:

- kuwedzera kushandiswa kwemhando dzemoto isingakanganisi mamiriro ekunze yakaita seyezuva;
- kuderredza kushandiswa kwemoto yemarasha, nemafuta edzimotokari;
- kushandura nzira dzinoshandiswa mumabasa ekugadzira magetsi, ekurima, ezvifambiso, emumakambani anogadzira zvinhu, ekuvaka neekuchengetedzwa nekuraswa kwemarara;
- kuvamba umhizha hutsva husingadi mvura yemuchadenga
- kuumba mitemo mitsva yekuderredza dambudziko iri
- kupa mari yekukurudzira vanhu vanounza shanduko.

8. Kushanduka kwemwaka kuchakonzerwa kurwisana panyaya dzezviwanikwa here?

Kana hurumende nenharaunda dzikasatora matanho ekuchengetedza zviwanikwa iyezvino nekubatsira nharaunda dzevarombo kushandura mararamiro adzo nenzira inoenderana nekushanduka kwemwaka, kurwisana kwakanyanya kunotarisirwa kuzoitikapazvinhu zvakaita seminda, mvura nezvekudya. Kurwisana uku kwatovako kune dzimwe nzvimbo, zvikuru sei vanhu vachirwira mikana yekuwana mvura mune dzimwe nzvimbo dzemuZimbabwe uyewo vachirwira mafuro mune dzimwe nyika dzemuAfrica.



Tose tinofanira kushanda pamwechete kuti timise kushanduka kwemwaka

Kurwisana pakati pevanhu nemhuka dzesango kuri kuwedzerawo nokuda kwekushanduka kwemamiriro ekunze nemakwikwi pazviwanikwa zvava kupera.

9. Zvakanaka zvinokonzerwa nekushanduka kwemwaka zvinogona kudarika zvakaipa here?

Kwete! Kuwedzera kweuwandu hwemweya inokonzerwa kupisa kwekunze, kabhoni dhayokisaidhi, kunogona kuwedzera kukura kwezvimwira, ndokunge zvimwira zvikawana mvura yakawanda uye zvikange zviri muivhu rine kudya kwakawanda. Kune dzimwe nzvimbo kushanduka kwemamiriro ekunze kuchawedzera uwandu hwemvura inonaya uye munzvimbo idzi zvimwira nezvinomera musango zvichawedzera kukura. Kunzvimbo dzinotonhora dzakaita sekuEurope vanhu vanogona kurima zvimwira zvitsva nokuti kunze kuchange kwawedzera kudziya. Semuenzaniso, mapurazi anorimwa mazambiringa ekugadzirisa waini akawedzera kuwanda kuUK mumakore gumi adarika.

Kune dzimwe nzvimbo dzekuEastern Highlands muZimbabwe mvura yekunaya nekudziya kwekunze zvinenge zviri kuwedzera. Izvi zvinogona kuvhura mikana yekuti munzvimbo idzi murimwe zvimwira zvitsva. Zvisinei, munzvimbo zhinji dzemuZimbabwe kushanduka kwemamiriro

ekunze kuchakonzerwa matambudziko, zvikuru sei mumabasa ekurima.


Chimwe chezvakanaka zvinokonzerwa nekushanduka kwemwaka chisingatarisirwi ndechekukurudzira vanhu vemunharaunda nehurumende kushandira pamwe chete pakugadzirisa dambudziko guru iri rinonzi nevamwe ndiro dambudziko gurusu rati rasanganikwa naro nevanhu. Izvi zvinogona kureva mararamiro matsva ekushandura nyika kuti dzive nane.

Kunofanira kuitwa imwe tsvakurudzo yekuona kuti zvakanaka zvinokonzerwa nekushanduka kwemamiriro ekunze zvakanawanda kana kukosha kudarika zvakaipa here. Parizvino kunyange kukava nezvakanaka zvinokonzerwa nekushanduka kwemwaka, hazvipfuuri matambudziko ekushanduka kwemwaka. Ongororo inotaridzawo kuti zvakanaka izvi ndezvenguva pfupi chete.

Ndezvipi zvinokonzerwa nekushanduka kwemwaka muZimbabwe?

Kushanduka kwemwaka kwava kutokanganisa zvinhu zvakanawanda muZimbabwe. Mvura haichanayi zvakanaka uye yava kushomeka makore akawanda. Mwaka wekunaya kwemvura wava kunonoka kutanga uye wava kukasira kupera. Mumwaka wekunaya kwemvura kunowanzoitika mazuva akawanda ekusanaya uye mvura inozowanonaya zvine hasha painodzoka. Uwandu hwemvura inonaya pagore rimwe nerimwe huri kuderera. Mafashamu emvura ava kuwanzoitika. Matambudziko achakonzerwa nekushanduka kwemwakamune ramangwana achaenderana ne:

- kuti mwaka uri kushanduka sei
- kuti mwaka uri kushanduka nokukasira zvakadii uye zvakananyanya zvakadii
- kuti vanhu vari kudzidza kurarama zvinoenderana nemamwaka mutsva zvakadii. Uku kunonzi **kushandura mararamiro kuti aenderane nezviripo, (adaptation) uye**
- kuti hurumende dzenyika nevanhu vemunyika dzepasi rose vderedza



Nzvimbo dzemuZimbabwe dzichanyanyokanganiswa nokushanduka kwemwaka

mweya inokonzera kupisa kwekunze yavanoburitsa. Izvi tinozvidaidza kuti **kuderedza zvakaipa zvinokonzerwa nemweya inokonzerwa kupisa kwekunze (mitigation).**

10. Ndedzipi nzvimbo dzichakanganiswa zvakananyisa?

Nzvimbo dziri kumaodzanyembanekumadokero kwenyika yeZimbabwe (Matabeleland North neMatabeleland South) ndidzo dzichanyanya kukanganiswa nekushanduka kwemwaka mune ramangwana. Izvi zvinodaro nokuti nzvimbo idzi dzagara dzichipisa uye dzakaderera uyezve dzinowana mvura shoma isinganayi zvakanaka - izvi zvinoita kuti kurima nemvura yekunaya rive dambudziko.

Kushanduka kwemwaka kuchaita kuti matambudziko aya awedzere kukura. Zvinotarisirwa kuti gwenga reKalaharirichawedzera kukura richienda kumabvazuva richibva ku Botswana richipinda muZimbabwe. Izvi zvinoitakuti nzvimbo dzeku Matabeleland North dziwedzerekushayamvura.

11. Mamiriro ekunze emuZimbabwe achashanduka sei mune ramangwana?

Dzichishandisa nzira dzetsvakurudzo dzinoshandisa makombiyuta, nyanzvi dzesainzi dzinotarisa kuti kusvika mugore ra2100, kupisa kwekunze **kuchawedzera nezvikamu zvingangosvika 4°C** (kana kuti zvingangosvika 6°C, kana mweya inowedzera kupisa kwekunze ikasaderedzwa) mune dzimwe nzvimbo dzeZimbabwe. Izvi zvinoreva kuti Harare neBulawayo dzichava nemamiriro ekunze akaita seekuKariba neBinga, ukuwo Kariba neBinga zvichitarisirwa kupisa zvekudarika 40°C mumwaka wekupisa. Kunofanira kuitwa tsvakurudzo yakadzama kuti nyanzvi dzesainzi dzikwanise kuziva zvimwe zvichakonzerwa nekushanduka kwemamiriro ekunze mune ramangwana.

Kunaya kwemvura kuchakanganiswa sei?

Nzira dzetsvakurudzo dzinoshandisa makombiyuta dzinotarisa kuti mvura inonaya muZimbabwe ichaderera nezvikamu zviripakati pezvishanu negumi nezvisere kubva muzana, ichinyanya kuderera kumaodzanyemba nekumaodzanyemba kwakadziva kumadokero kwenyika. Mvura inogona kuwedzera kunaya kuchamhembe nekumabvazuva kwenyika.

Mwaka ichakanganiswa sei?

Kuchava nokupisisa kwekunzekwakanyanya mumwaka wekupisa uye shanduko pakutanga nokupera kwemwaka wekunaya kwemvura. Mazuva ekusanaya kwemvura achawanda nechepakati pemwaka wekunaya.

Kushanduka kwemwaka kuchashandura El Niño? /La Niña sei?

Kushanduka kwemwaka kunogona kuita kuti El Niño neLa Niña zviitike kakawanda uye zvakasimba. Izvi zvinoita kuti zvinokonzerwa neEl Niño zviwedzere. Izvi zvinosanganisa kuwedzera kusanaya kwemvura uye kuwedzera kwemafashamu emvura mumakore eLa Niña.



Mvura ichanaya zvakasiyana-siyana munzvimbo. Semuenzaniso, mumwaka mumwe chete, mudunhu rimwe chete, wadhi imwe chete inogona kunaya mvura zvakanaka asi yayakavakidzana nayo ichinaya shoma.

12. Ndezvipi zvichaitika pavanhu?

Kuwedzera kupisa kwekunze

Kuwedzera kupisa kwekunze kuchakanganisa utano hwevanhu. Chirwere chamarariya chichawedzera sezvo nhunga dzinotakura chirwere ichi (idzo dzinorarama kunzvimbo dzinopisa) dzichizowedzera kuwanda nekuzopararira dzichienda kune dzimwe nzvimbo. Kusvika mugore ra2050, nzvimbo dzose dzemuZimbabwe dzinogona kunge dzava kudhererwa nechirwere chemarariya kusiya kweEastern Highlands.


Kupisa kwekunze kuchawedzera **udyi nezvirwere** zvezvirimwa nezvipfuwo nokuderedzawo chikafu chezvirimwa muvhu. Izvi zvinogona kumanikidza varimi kuti vashandise mishonga inodhura yekupedza nayo zvirwere nemafotereza.

Kupisa zvakananyisa kwekunze kunowedzera njodzi yemoto **yesango** inogona kuparadza misha, minda yezvirimwa, mafuro ezvipfuwo nemasango pamwe chete nokuwedzera gukuravhu.

Mapoka evanhu vasingakwanisi kuzvibatsira akaita seevana vadiki, vanhu vanorwara nevakwegura anogona kukanganiswa zvakanyanyisa nekupisisa kwekunze nekushanduka kwemwaka. Vanhu vari mumapoka aya vanogona kufa kana vakasachengetedzwa.

Kuwedzera kupisa kwekunze kuchaderedza nzvimbo dzicharimika zvirimwa nekupfuya zvipfuwo. Chibage nemapfunde zvinonyanyokanganiswa nekupisisa kwekunze pane zvinoitika kana mvura ikasanaya, saka zvinogona kufanira kuti varimi varime rukweza kana kupfuya zvipfuwo mune dzimwe nzvimbo. Mhando zhinji dzezvipfuwo hadzikwanisi kurarama kana kunze kuchipisisa, nokudaro kune dzimwe nzvimbo varimi vanogona kupfuya mbudzi kana kuti mhuka dzesango. Izvi zvinogona kuderedza chikafu chinorimwa muZimbabwe, zvichiita kuti tiwedzere kurarama nechikafu chinotengwa kune dzimwe nyika.

Mitengo yechikafu muZimbabwe ichakanganiswa nekushanduka kwemwaka munyika dzepasi rose. Semuenzaniso, kusanaya kwemvura kuChina kunogona kuparadza chirimwa chavo chemupunga izvo zvinokanganisa mitengo yemupunga unotengwa kune dzimwe nyika.



Mabhezimisi anorarama kuburikidza nekushanda kwevanhu (akaita seekuchera zvicherwa, kurima nemakambani anogadzira zvinhu akawanda) achakanganisika nokuti kunze kunogona kupisisa zvekutadzisa vanhu kushanda pane dzimwe nguva. Kupisisa kwekunze kuchaita kuti kushandiswa kwemafiriji nekutonhodzwa kwemhepo yemumba kuwedzere.

Kuparadzwa kwezvirimwa kunokonzerwa nemafashamu emvura kuCanada kunogona kukanganisa mitengo yegorosi, izvo zvinoita kuti mutengo wechingwa ukwire muZimbabwe.

Kuderera kwemvura

Kuderera kwemvura yekunaya kuchakonzerwa kuderera kwemvura inowanikwa pasi pevhu neinowanikwa mumadhamu nemunzizi, nokudaro mvura yekushandisa pamba, kurimisa, mumakambani anogadzira zvinhu, mumigodhi yezvicherwa nemumabasa ezvekushambadza nyika nenzvimbo inobva mumatsime, zvibhorani, nzizi nemumadhamhu ichava shoma. Kuderera kweuwandu hwemvura mudhamhu reKariba nemune mamwewo madhamhu nenzizi kunogona kukanganisa kugadzirwa kwemagetsi. Unaku hwemvura yekupfuya hove, kurima nekushandisa pamba huchaderera kuburikidza nokuderera kwemvura yekunaya.

Kuwana mvura yakachena yekubikisa nekuwachisa rinogona kuva dambudziko, izvo zvinozokonzerwa kuwanda kwezvirewere zvakaite semudumbu, manyoka, korera netaifodhi.

Kuderera kwemvura yekunaya kuchakonzerawo kushanduka kwemiti nezvimwe zvinomera muvhu nekushaikwa kwechikafu chezvifwuwo nemhuka dzesango.

Kunaya kwemvura zvine hashha nemafashamu emvura

Mumakore ekunaya kwemvura yakawanda, kunaya kwemvura ine hashha nemafashamu emvura zvinogona kuparadza zvivakwa, migwagwa, madhamhu, mazambuko, masango neminda nekuparadzawo upenyu. Humwe hudyi nezvirewere zvinokanganisa vanhu, mhuka nezvirimwa zvinorarama kana kwakanyorova, nokudaro zvinotarisirwa kuwanda.

Kutama kwevanhu

Kuburikidza nezvinoitika pamabasa ekurima nekusawirirana kunoitika pakurwira zviwanikwa, zvinonyanyotarisirwa kuti vanhu vanogara kune dzimwe nzvimbo vachadzisiya vachienda kune dzimwe kuitira kutiza matambudziko aya, izvo zvinogona kuunza dambudziko munzvimbo dzavari

Kusawirirana
kunogona kuitika
pazvibhorani
nepamatsime
sezvo pachigona
kuva nemakwikwi
ekuwana
mvura pakati
pezvinodikanwa
nezvipfuwo,
mhuka dzesango,
kurima zvirimwa
nevanhu.



kuenda. Nzvimbo dzemumadhorobha dzinotarisirwa kuwanda vanhu nokukasira sezvo kune vanhu vakawanda vanoenda kumaguta vachitiza kushanduka kwemwaka.

Pavanenge vachitsvaka zvinovararamisa zvitsva, vanhu vanogona kuparadza nzvimbo dzakachengetedzwa dzakaita sematoro/mapani, mapaki nemasango – izvi zvinowedzera kusawirirana pakati pevanhu nezvinorarama mumasango.

Zvinonyanyotarisirwa kuti vanhu nemhuka zvichatama zvichienda kune dzimwe nzvimbo dzemunyika nedzekune dzimwe nyika. Izvi zvinokanganisa kuchengeteka kwematunhu.

Chii chiri kuitwa maererano nekushanduka kwemwaka?

Pane mabasa ari kuitwa nehurumende yeZimbabwe, masangano anoona nezvebudiriro nevanhu vemunharaunda maererano nekuti vanhu **vararame zvinoenderana** nemwaka mitsva nokugadzirira shanduko nezvinoparadza zvichaitika mune ramangwana.

Hurumende dzenyika dzepasi rose, kusanganisira Zimbabwe, dziri kushanda



Vanhu vakasiya misha yavo
nokuda kwekushanduka
kwemwaka

nesimba kugadzira nzira dzekuderedza nadzo mweya inokonzera kupisa kwekunze inoiswa mumhepo uye kubvisa imwe yemweya iyi kubva mumhepo (**kuderedza dambudziko**).

13. Chii chiri kuitwa nenyanzvi dzesainzi nevari mune zvevatongerwo enyika?

Sangano guru rinosanganisa mubatanidzwa wehurumende renyanzvi dzesainzi dzinoita tsvakurudzo maererano nekushanduka kwemwakareIntergovernmental Panel on Climate Change (IPCC). Sangano iri rinounganidza nekuburitsa ruzivo maererano nezvinokonzera nekushanduka kwemwaka nezvinotarisirwa kuitika munyika dzakasiyana-siyana mune ramangwana. Sangano reIPCC neremubatanidzwa wenyika dzepasi pose rinoona nezvekushanduka kwemwaka reUnited Nations Framework Convention on Climate Change anoti kuwedzera kupisa kwekunze pasi rose nezvikamu zve2°C kuchakonzera zvinhu zvakaipisisa, nokudaro kunofanira kudzivirirwa nepose panogoneka.

Gorerimwenerimwevamiririvehurumendedzenyikadzeparirosevanosangana kuti vaongorore umboo hutsva hunobva kusangano reIPCC nekukurukura maererano nezvinofanira kuitwa maererano nekushanduka kwemwaka. Misangano iyi inodaizwa kuti Misangano yeMapato (*Conference of Parties COP meetings*) kana kuti misangano yeIPCC (*IPCC Sessions*). Panguva yapfuura,

mumisangano iyi maiitwa makakatanwa akawanda, zvikuru sei maererano nokuti nyika dzakabudirira munyaya dzezvemakambani anogadzira zvinhu (dzakaburitsa mweya inokonzera kupisa kwekunze yakanyanyisa) dzinofanira kubatsira nyika dzichiri kusimukira (dzakaburitsa mweya inokonzera kupisa kwekunze mishoma asi dziri idzo dzichakanganiwa zvakananyanya).

Chibvumirano chekuParis

Muna 2015 pane budiriro yakaitika apo hurumende zhinji dzakasaina **Chibvumirano chekuParis (Paris Agreement) chezvekugadzirisa dambudziko rekushanduka kwemwaka**. Kuburikidza nechibvumirano ichi, nyika dzakavimbisa kudzivirira kuwedzera kupisa kwekunze nezvikamu zvinodarika 2°C. Nyika dzakabudirira dzakabvumawo kubatsira dzichiri kusimukira kuderredza mweya inokonzera kupisa kwekunze inoiswa mumhepo nekutora matanho ezvinofanira kutevedzwa pakushandura mararamiro kuti aenderane nekushanduka kwemwaka.

Chibvumirano chekuParis chinosungira nyika kuburitsa mashoko anotaridza kuti dzichaderedza sei mweya inokonzera kupisa kwekunze yadzinoinisa mumhepo kusvika muna 2030. Zimbabwe yakasaina chibvumirano chekuParis uye yakatumirawo matanho ayo ekutanga ekuderredza dambudziko rekusanduka kwemwaka.

Chibvumirano chekuParis idanho guru rakanaka asi nyanzvi dzesainzi zhinji nevamwewo vanhu vanoti chibvumirano ichi hachina simba rakawanda zvekuti dzimwe hurumende pamwe chete nemamwe mabhizimisi hazvisi kuzochengetedza zvivimbiso zvazvakapa. Pamusoro paizvozvo, *United States*



Chibvumirano
chekuParis

(imwe yenyika dzinonyanyokonzero kushanduka kwemwaka) inoti haisi kuzokoshesa chibvumirano ichi uye yava kubuda muchibvumirano ichi. Chinosuwisa ndechekuti nyanzvi dzesainzi dzinoti zvose zvakanzi zviitwe nezvati zvaitwa maererano nemamiriro ekunze kusvika parizvino hazvizovi zvakakwana pakuderredza kupisa kwekunze nekushanduka kwemwaka kusvika pauwanda husingaparadzi kana kukanganisa zvinhu.

Hurumende yeZimbabwe yakagadzira mitemo inofanira kutevedzwa panyaya dzemamiriro ekunze nenziira inofanira kushandiswa munyika pakupedza dambudziko rekushanduka kwemamiriro ekunze. Zimbabwe yakavimbisa kuderredza uwandu hwemweya inokonzero kupisa kwekunze hwainoburitsa nezvikamu makumi matatu nezvitatu kubva muzana (33%) patinozovika mugore 2030. Hurumende yakazvipira kurwisana nekushanduka kwemwaka kuitira kuderredza zvakaipa zvinokonzero neshanduko iyi pabudiriro yenyika yeZimbabwe pamwe chete nekugona kuti nyika irarame zvakanaka kunyange mwaka uchishanduka.

14. Chii chinonzi Climate Finance?

Kune vakawanda vanopa mari (kusanganisira hurumende, mabhangi nemamwe masangano) inoshandiswa pazvinhu zvakasiyana-siyana zvine chekuita nekushanduka kwemwaka zvakaipa sekuderredza utsi hwakaipa hunokonzero kushanduka kwemwaka pamwe chete nekuita kuti vanhu vararame zvakanaka kunyange mwaka uchishanduka. Kune homwe dzemari yakaunganidzwa kubva kunze kwenyika nemunyika muno kuitira kuwedzera zvinofanira kuitwa kuti vanhu vararame zvinoenderana nekushanduka kwemwaka uye kuderredza matambudziko anokonzero neshanduko iyi. Homwe yakakura kudarika dzimwe dzose ndeyeGreen Climate fund. Dzimwewo homwe dzinobatsira mabasa aya dedzinoti yeAdaptation Fund, yeGlobal Environmental Facility pamwe chete neyeSpecial Climate Change Fund.

Homwe yenyika yeZimbabwe yakanangana nekushanduka kwemwaka ye**National Climate Fund** ichiri kuumbwa kuti igobatsira kubhadharira

Munogona kuwana rumwe ruzivo maererano nezvemari inoshandiswa muzvirongwa zvine chekuita nekushanduka kwemwaka kubva pamawebhusaiti aya:

<https://www.greenclimate.fund/home>

<http://africanclimatefinancehub.net/>

<http://ndcpartnership.org/funding-and-initiatives-navigator/africa-climate-change-fund-accf>

https://southsouthnorth.org/portfolio_page/southern-africa-climate-finance-partnership-sacfp/

www.climatechange.org.zw

Climate Change in Zimbabwe, Facts for Planners and Decision Makers, 2nd Edition:

https://www.kas.de/c/document_library/get_file?uuid=d26c2473-28e4-ee4d-fdef-ec12a72f0a09&groupId=252038

zvinodikanwa kuti vanhu vararame zvinoenderana nekushanduka kwemwaka uye kuderredza zvakaipa zvinokonzerwa neshanduko iyi. Ichawanisazve mari dzekuderredza matambudziko anokonzerwa nekushanduka kwemwaka. Zimbabwe iri kuwanawo mari kubva kumasangano akasiyana-siyana pamwe chete nedzimwe hurumende dzinopa rubatsiro kunyika dzepasi rose.

Vanhu vakazvimirira, mapoka, dzinharaunda nevemabhizimisi vanogona kunyorera vachikumbira mari yekushandisa muzvirongwa zvekuti vararame zvinoenderana nekushanduka kwemwaka kana zvekuderredza zvakaipa zvinokonzerwa neshanduko iyi. Kutikwanise kunyorera tichikumbira mari, tinofanira kunyora magwaro anotsetsenura zvatintarisira kuita. Mumagwaro aya, munofanira kuva nenzira dzichashandiswa kuongorora chironzwa ichi neurongwa hwakajeka hwemashandirirwo achaitwa mari.

15. Vanhu vemuZimbabwe vangararama sei zvinoenderana nekushanduka kwemwaka?

Nokuda kwekushanduka kwemwaka muZimbabwe, vanhu vakazvimirira, vemunharaunda nevemabhizimisi vanofanira kushandura mararamiro avo nemaitiro avanoita zvinhu. Kurarama zvinoenderana nekushanduka kwemwaka kuchasanganisira zvinhu zvakawanda zvakasiyana, zvakaite seizvi:-

- kuwedzera ruzivo maererano nematambudziko anokonzerwa nekushanduka kwemwaka pamwe chete nenzira dzinogona kushandiswa pakuedza kurarama zvinoenderana nekushanduka kwemwaka;
- kushandisa urongwa nezvekuvakisa zvinoita kuti dzimba nezvimwe zvivakwa zvitonhorere;
- kugadzira mazambuko nemigwagwa zvakasimba kuitira kuti zvisaparadzwa nemafashamu emvura nekupisa kwekunze kwakanyanisa;
- kushandura nguva yekushanda mabasa kuitira kuti vanhu vasashanda pakati pezuva pakunenge kuchipisisa;
- kurima zvirimwa nekupfuya zvipfuwo zvinorarama kwenguva refu pasina mvura uye zvisingakanganiswi nyore neudyi;
- kushandisa madiridziro
- Kuparadzira ruzivo rune chekuita nemamiriro ekunze kuitira kuti vanhu vose vakwanise kugadzirira matambudziko anokonzerwa neshanduko dzichaitika pamwakaka akaita sekusanaya zvakanaka kwemvura, mafashamu emvura, kunaya kwemvura zvine hashu uye kupisa zvakanyanya kwekunze.
- Kuitae zvirongwa zvakasiyana-siyana mumararamiro evanhu uye kurarama nenzira dzisingakanganiswi nemamiriro ekunze kana kusanduka kwemwaka.

Kuchengetedza zviwanikwa

Sezvo mabasa ezveupfumi nevanhu vemuZimbabwe vachiraramira pazviwanikwa zvakanyanya, kurarama zvinoenderana nekushanduka kwemwaka kunoreva kuchengetedza zviwanikwa izvi. Zvinokonzerwa nekushanduka kwemwaka zvichawedzera kuipa kana tikatambisa mvura, tikaparadza ivhu, tikaisa tsvina mumhepo nemunzvimbo uye tikaparadza miti nesora nezvose zvinorarama mumasango.

Vanhu vemunharaunda vanotirira mumatambudziko

Kana ichienzaniswa nenyika zhinji dzemuAfrica, Zimbabwe ine zvakanaka



Madzisho anoita basa rakakosha pakuchengetedzwa kwezviwanikwasources

zvakanakana zvinoibatsira kurarama zvinoenderana nekushanduka kwemwaka. Izvi zvinosanganisira zviwanikwa zvakanakana, vanhu vane dzidzo yepamusoro, zvekushandisa zvakanakana (migwagwa, nzvimbo dzinogara vanhu, matura ekuchengetera zvekudya, zvikoro nezvipatara) nemabasa ezveupfumi akasiyana-siyana (anosanganisira mabasa ekurima, ekuchera zvicherwa neekushanyirwa kwenyika nenzvimbo).

Vanhu vemunharaunda vanotirira mumatambudziko vachange vakagadzirira kudzivirira, kurarama nedambudziko uye kuzosimukira zvakanakana mushure mekusangana nematambudziko makuru anokonzera nekushanduka kwemwaka. Kana tikava nenharaunda dzine vanhu vane utano, vane runyararo uye vane mushandirapamwe uye tikava nezviwanikwa zvakanakana (kusanganisira ivhu rakakorera, mvura yakachena nemiti yakawanda) uyewo nzira dzakanakana dzekuwana nadzo mari, tinenge takagadzirira zviri nane kurwisana nematambudziko anokonzera nekushanduka kwemwaka. Kana tikava nenharaunda dzine vanhu varombo, vasina utano uye vanoshushikana mupfungwa uyewo zviwanikwa zvikanakana, dambudziko rekushanduka kwemamiriro ekunze rinokura zvakanakana.

MuZimbabwe mune zvirongwa zvakanakana zviri kuedza kuti vanhu vave vakagadzirira matambudziko. Zvizhinji zvacho zvakanakana nekubatsira vanhukadzi, vakwegura nevehidiki sezvo zvikwata zvevanhu izvi zviri izvo



Vanhu vakwegura vane zvinhu zvakawanda zvanovanofanira kudzidzisa vechidiki maererano neruzivo rwezvepasichigare

zvichanyanya kukanganiswa nematambudziko anokonzerwa nekushanduka kwemwaka. Zvirongwa izvi zvinokurudzirawo vanhurume kuti vatsigire vanhu vasingakwanisi kuzvibatsira munharaunda dzavo.

Kukosha kweruzivo rwepasichigare

Mumazana emakore adarika, vanhu vemuZimbabwe vakaunganidza ruzivo rwakawanda rwakakosha maererano nekurarama mushanduko dzakasiyanasiyana dzinoitika pamwaka rwakaita serwekurarama mumatambudziko akaita serekusanaya kwemvura nereudyi. Kune nzira dzepasichigare dzinoshandiswa kuziva mimiro achaita kunze uye madzishe akaita basa rakakosha rekuchengetedza zviwanikwa nekupedza kurwisana. Kana rukabatanidzwa neruzivo rwemazuva ano rwesainzi neumhizha, ruzivo rwepasichigare ndirwo runogona kubatsira vanhu pakurarama mumatambudziko anokonzerwa nekushanduka kwemwaka.

16. Vanhu vemuZimbabwe vangaderedza sei mweya ine tsvina inoenda mumhepo?

Kuderedza dambudziko kunosanganisira kuderedza uwandu hwemweya inokonzerwa kupisa kwekunze inoiswa mumhepo nokuderedza uwandu hwagara huri mumhepo.

Kuti ideredze mweya inokonzera kupisa kwekunze inoiswa mumhepo, Zimbabwe inofanira kushandura mabasa ayo ezveupfumi kuti iite ayo anoderedza mweya wekabhonidhayokisaidhi (mumwe wemweya inonyanyokonzera kupisa kwekunze) unoiswa mumhepo. Aya tinoati mabasa ezveupfumi anoburitsa mweya wekabhonidhayokisaidhi mushoma. Zimbabwe inogona kuramba ichibudirira asi inofanira:

- kuderedza mhando dzemoto dzakaipa dzainoshandisa dzakaita semarasha, peturu, gasi nedhiziri
- kutanga kushandisa mhando dzemoto dzakachena (dzakaita sezuva, mhepo nemweya inobva muzvirimwa zvakaora) pakugadzira magetsi, mumabasa emakambani anogadzira zvinhu neekutakurwa kwezvinhu nevanhu.
- kuvamba umhizha hutsva hunoburitsa tsvina shoma uye
- kuvandudza mabasa ezvekugadzirwa kwezvinhu, ekurima neekuchengetedza nokurasa marara
- kuderedza miti inotemwa, kushandura zvinoshandiswa ivhu nekuderedza moto yesango
- kurima miti yakawanda

Mhando yebudiriro iyi inonzi ndeye **kuvandudza zvinomera muvhu** uye inoshandisa **nzira dzebudiriro dzakachena** dzisingakonzeri kushanduka kwemwaka.


Matanho mazhinji anotorwa pakurarama zvinoenderana nekushanduka kwemwaka anobatsirawo kuderedza mweya inokonzera kupisa kwekunze. Semuenzaniso, kusatema miti nekuderedza moto yesango kunodzivirira kuburitswa kwekabhonidhayokisaidhi uye kunoita kuti ichengetedzwe mumiti. Kushandisa **nzira dzekurima dzisingashandisi gejo** kunodzivirira kuburitswa kwekabhonidhayokisaidhi kubva muvhu. Kuchengetedza nzvimbo dzematoro/mapani (zvichipesana nokubvisa mvura madziri kana kuti kuvaka padziri) kunodzivirirawo kuiswa kwekabhonidhayokisaidhi mumhepo.

Kubvisa mweya inokonzera kupisa kwekunze mumhepo kuburikidza nokusima miti

Miti inotora kabhonidhayokisaidhi kubva mumhepo yobva yoichengeta. Kuwanda kwemiti yatinosima ndiko kuwandawo kwekabhonidhayokisaidhi



Kushandisa zvitapazuva kunoderedza mweya inokonzera kupisa kwekunze inoiswa mumhepo



Tinosungirwa kuchengetedza miti kuti isangoparadzwa zvisina tsarukano kuti tideredze mweya inokonzera kupisa kwekunze inoiswa mumhepo

yatinobvisa mumhepo. Miti inobatsirawo kuderedza kupisa kwekunze nokufamba kwemhepo uye inowedzera unyoro muvhu nemumhepo, nokudaro ine basa guru panyaya yekurarama zvinoenderana nekushanduka kwemwaka nokuderedza matambudziko anokonzerwa neshanduko iyi. Miti iri mumadhorobha nekumaruwa yakakosha zvakanyanya pakurwisana nedambudziko rekushanduka kwemwaka.

Kana tichida kudzivirira dambudziko guru rekushanduka kwemwaka, nzira dzekuderedza dambudziko iri dzinofanira kushandiswa nemumwe nemumwe wedu (vanhu vakazvimirira, masangano, nharaunda, mabhizimisi nehurumende).

Mibvunzo yakabva kuvagari vemumaruwa emuZimbabwe

Vanhu vemuZimbabwe vanogara kumaruwa vachakanganiswa zvakanyanya nekushanduka kwemwaka nokuti vanonyanyorarama kuburikidza nenharaunda dzavo umo mavanowana zvekudya, huni, mvura nezvimwe zvekurarama nazvo zvakasiyana-siyana. Kupisa kwekunze kuchawedzera uye kushanduka kunoita manairo emvura neuwandu hwemvura inonaya kunoreva kuti nzira dzekurima nadzo dzinofanira kushanduka kuti dzienderane nekushanduka kwemwaka kana kuti vanhu vanofanira kuwedzera zvinovararamisa kuti vararamewo nezvinhu zvisinei nemabasa ekurima kana kuti nezviwanikwa.

17. Varimi vangaziva sei mwaka wemvura wavanofanira kutarisira?

Nemhaka yekuti mwaka wekunaya kwemvura hauchanzwisiki, varimi vanofanira kuva neruzivo rwakavandudzwa maererano nemamiriro ekunze enguva pfupi neenguva refu avanofanira kutarisira munzvimbo yavo. Bazi rinoona nezvemamiriro ekunze reMeteorological Services Department (MSD) ndiro rinopa ruzivo rwakanyatsokwana maererano nemamiriro ekunze. Dzimwe nyanzvi dzezvekurima dzinobatsira varimi dzakaita sanamudhomeni vemunharaunda menyu kana vashandi veAgritex dzinofanira kugona kukuzivisai nezvemamiriro ekunze anotarisirwa mumwaka, dzichikuzivisai kuti mvura yekunaya inotarisirwa kuva yakanaka here, yakawanda pane inotarisirwa here kana kuti shoma pane inotarisirwa munzvimbo yenyu. Dzinofanirawo kukwanisa kukupai mazano maererano nezvamunofanira kuita pane zvinenge zvichitarisirwa. Ruzivo wezvekushanduka kwemwaka runogona kubva kubazi rehukumende rinoona nezvekushanduka kwemwaka (Climate Change Management Department).

Zviri maererano nezvinotarisirwa pamamiriro ekunze

Munogona kuwana ruzivo maererano nezvinotarisirwa pamamiriro ekunze

ezuva nezuva kubva kubazi rinoona nezvemamiriro ekunze reMSD zvisina mubhadharo paWhatsApp kuburikidza nokutumira meseji panhamba dzinoti 0778125911. Munogonawo kufona panhamba dzeWhatsapp dzinoti +263 242 778 178 kana kuti kuvashanyira pazuva chero ripi zvaro kumuzinda wavo mukuru uri panosangana Bishop Gaul Ave naHudson road, muBelvedere muHarare, kusanganisira pamazuva ekupera kwesvondo neepazororo. Kana muchikwanisa kuenda paindaneti, munogonawo kuwana ruzivo ruri maererano nemamiriro ekunze ezuva nezuva kubva kuMSD pakero inoti <http://www.msd.org.zw/>.

Pane nzira dzakawanda dzepanharembozha dzinoshanda pamwe chete neveMSD dzinogonawo kukupai ruzivo maererano nemamiriro ekunze (dzichibhadharwa). Idzi dzinosanganisira **Ecofarmer Club**. Fonai pa*144# kuti munyorese. Apa munwana ruzivo rwakasiyana-siyana runosanganisira rwemamiriro ekunze.

Kune dzimwe nzira dzeumhizha hwepanharembozha dzinogona kushandiswa dzakaita se**Kurima Mari** app iyo inopa ruzivo maererano nemamiriro ekunze neruzivo maererano nezvinofanira kuitwa nevarimi pakurarama zvinoenderana nekushanduka kwemwaka.

Nhau dzeparedhiyo neterevhizheni dzemuno dzinopera nekupa zvinotarisirwa pamamiriro ekunze.

18. Chii chingaitwa nevarimi mumwaka ine mvura shoma?

Mumwaka inonaya mvura shoma, varimi vanofanira kuita urongwa hwekugadzira nahwo minda:

- hunowedzera unyoro muvhu;
- hunokurudzira kuti mvura imwirire muvhu; uye
- hunodzivirira kurasika kwemvura muvhu kuburikidza nekupiswa ichienda mumhepo.

Varimi vanogona kuita izvi kuburikidza nokushandisa umhizha hunochengetedza mamiriro ekunze hwakasiyana-siyana hwakanyorwa pazasi apa:

Kushandisa ivhu nemvura nzira dzinochengetedza hunyoro nemwaka

Musaparadza zvinomera muvhu pasina chikonzero uye musatema miti. Rimai miti kumacheto kweminda uye pamadhunduru kuti ivharidzire mhengo nekuwanisa chikafu kuzvipfuwo. Dzivirirai moto yesango.

Gadzirai **nzira dzekushandisa pakukohwa mvura** dzakaita **semadhunduru nemakomba** kuitira kuti muunganidze mvura yekunaya painenge ichiyerera.

Deredzai kushandiswa zvakananyanya kwemafotereza. Kugadzirwa kwemafotereza kunoburitsa mweya inokonzera kupisa kwekunze. Mafotereza aya haavandudzi chikafu chemuvhu kwenguva refu.

Shandisai manyowa, **vharidzirai ivhu nemashizha neuswahwakaoma** uye chinjanisai zvirimwa muchimborima zvinounza chikafu muvhu. Nzira idzi dzinoderedza mweya inokonzera kupisa kwekunze inoburitswa nekuita kuti ivhu riwedzere kuchengetedza chikafu chezvirimwa nemvura.

Isai mufudze mobva mozoisa mashizha akaoma neuswa pakati pezvirimwa kana kuti mumibhedha. Mushure mekukohwa, siyai mishanga mumunda. Kana muchishandisa mashanga sechikafu chezvipfuwo, itai kuti zvipfuwo zvidyire mumunda kuitira kuti zvisiye mufudze mumunda.

Chinjanisai chirimwa chamunonyanyorima (chakaita sechibage, maringazuva, fodya kana kuti donje) nechirimwa chinounza chikafu muvhu chakaita seichi: nyemba, nzungu kana kuti nyimo. Izvi zvinowedzera chikafu muvhu uye mashanga anogona kusiiwa kuti avharidzire ivhu.

Musanyanyorima negejo sezvo izvi zvichiparadza chimiro cheivhu zvichikonzera kurasika kwemanyowa. Izvi zvinokonzerawo kuburitswa kwemweya unokonzera kupisa kwekunze **wekabhoni dhayokisaidhi** uchienda mumhengo. Shandisai **nzira yekurima inochengetedza ivhu** – yekurima zvirimwa mumakomba nokuderedza kurima negejo zvakananyanya.

Rimai **chirimwa chinovharidzira hunyoro muvhu** chakaita sebhinzi kana kuti muboora pakati pemitsetse yechirimwa chikuru. Zvirimwa



Panzvimbo diki, varimi vanogona kushandisa mabhodhoro epurasitiki ayo avanozadza nemvura voaisa mvuhu, pedo nechirimwa. Mvura inozobuda mumabhodhoro zvishoma zvishoma ichipinda mvuhu ichitodiridzira chirimwa.

zvinovharidzira ivhu zvinodzivirira ivhu kubva kuzuva uye zvinobatsira kumwirira kwemvura ichienda mvuhu. Rimai **chirimwa chinowedzera chikafu mvuhu** chakaita sesunhemp pakati pemitsetse yechirimwa chikuru. Sunhemp inogona kuzotemwa ichisiwa mumunda kuti iwore.

Kushandisa mvura zvakanaka nemadiridziro

Madiridziro achakoshesesa kuvarimi sezvo kushanduka kwemamwaka kuchizokonzera kuti mvura isanaya zvakanaka. Kutu tive nemadiridziro anoshanda zvakanaka, tinofanira kuchengetedza mvura yakawanda painenge ichinaya nokuita kuti mvura inyure pasi isati yayerera mumadhamu nemunzizi. Mvura iri mumadhamu, makandwa nemunziziinokasira kurasikira mumhepo painopiswa nezuva ichishanduka kuita mhepo, zvikuru sei kana kunze kuchipisa uye kwakaoma. Mvura inofanira kukurudzirwa kumwirira mvuhu kuitira kuwedzera uwandu hwemvura inochengeterwa pasi neinyorerera mumadhamu nemunzizi. Izvi zvinowedzerawo mvura inowanikwa mumatsime nemuzvibhorani.

Nzira dzemadiridziro dzakakodzera

Kune umhizha hwakasiyana-siyana hunochengetedza mvura nekuona kuti mvura yawanikwa nechirimwa.

Kana kuchishandiswa madiridziro, nzira dzinodondedza mvura zvishoma zvishoma ndidzo dzakanyanyonaka chero zvadzo dzichidhura. Mvura inogona kuchengetedzwawo kuburikidza ne:

- kuvharidzira ivhu rose remugadheni nemashizha akaoma neuswa
- kudiridza mangwanani nemanheru chete
- kushandisa kamudziyo kanofafaidza mvura ako kanoikurudzira kuti imwirire muvhu
- kurima miti inopa mumvuri mushoma (yakaita semoringa) ichitenderedza bindu/gadheni
- kugadzira zvinovharidzira bindu/gadheni kubva kumhepo – sezvo mhepo ichiita kuti miriwo iome nokukasira.

Zvinofanira kutevedzwa pakurima nenzira inochengetedza mwaka

- Rimai mhando dzezvirimwa dzakawanda dzakasiyana-siyana mumunda menyu kuitira kuderedza njodzi yekurasikirwa negoho kana mvura ikaita shoma kana kuti ikawandisa. Izvi zvinodaro sezvo zvirimwa zvakasiyana zvichikanganiswa zvakasiyana nekunayisa kana kusanaya kwemvura.



Munda unorimwa nenzira inochengetedza ivhu, wakakomberedzwa nemiti inovharidzira mhepo

- Pamusoro pezvirimwa zvinounza mari, rimai zvirimwa zvisingakanganiswi nyore nekusanaya kwemvura zvakaaita semapfunde, mhunga, rukweza, mbambaira nezvirimwa zvinounza chikafu muvhu (nzungu dzemhando yebambara, nyemba, nzungu nebhinzi). Munzvimbo dzinowanzoita mafashamu emvura uye mumwaka inonaya mvura zhinji, munogona kurima mupunga neyamu pachinhambo chechibage.
- Rimai mhando dzembeu dzinokasira kuibva nedzisingakasiri kukanganiswa nekusanaya kwemvura. Kana muchirima chibage, sarudzai mhando dzinokasira kuibva.
- Gadzirai munda wenyu nguva ichiripo kuitira kuti panotanga kunaya mvura munobva mangodyara chiriporipocho kuti mbeu dzimere zvakanaka.
- Dyarai mbeu panguva dzakasiyana-siyana kuitira kuderedza kurasikirwa nezvirimwa. Dyarai chikamu chechimwe chete kubva muzvitanu zvembeu pakutanga kunyatsonaya kwemvura, chimwe chikamu chimwe chete muzvitanu pakati pemwedzi waZvita uye chikamu chekupedzisira pakutanga kwaNdira.
- Vakai matura ekuchengetera goho anoshanda zvakanaka mugoshandisa mazano akanaka ekuderedza kurasikirwa negoho kana makohwa.

Zvinofanira kutevedzwa pakupfuya zvipfuwo nenzira inochengetedza mwaka

- Sarudzai mhando yezvipfuwo yakanaka. Mhando dzagara dziri munyika muno ndidzo dzakakodzera kunzvimbo dzinonaya mvura shoma uye dzinopisa. Zvipfuwo zvinodzeya (zvinosanganisira mombe, mbudzi, makwai nemadhongi) zvinoburitsa mweya inokonzera kupisa kwekunze pazvinodzeya zvichienderana nechikafu chazvinenge zvadya. Nguruve nehuku hazvina dambudziko iri. Zvisinei, kuchengeta huku nenguruve dzakawanda panzvimbo diki kunoburitsa mweya inokonzera kupisa kwekunze



Nzvimbo yemafuro yakavandudzwa nemiti nemakwenzi anodyiwa nezvipfuo

kuburikidza nezvinodikanwa zvakaita sezvivakwa, magetsi, zvekusukisa, chikafu nemishonga. Zvipfuyo zvidiki zvinorarama zviri nane kana mwaka ukashanduka uye zvinotengeseka nyore munguva yedambudziko izvo zvinogona kukurumidza kupedza nzara mudzimba.

- Musatema miti zvisina chikonzero uye dzivirirai moto yesango.
- Gadzirai madhunduru munzvimbo dzemafuro kuitira kuti mvura yekunaya imwirire muvhu, mafuro agovandudzika.
- Rimai zvirimwa zvinozoshandiswa sechikafu chezvifpfuo zvakaita sesora rerhodes, sora rebana, nyemba, bhinzi dzerudzi rwelablab nedzevelvet, pizi dzerudzi rwepigeon nemiti yakaita sesesbania, chikondekonde neleuceana.

Ko zviri maererano nezvirimwa nezvipfuo zvinorimwa kana kupfuyiwa kuchishandiswa umhizha hwemazuva anohwemaGMO?

MaGMO zvirimwa kana kuti zvipfuo zvinorimwa kana kupfuyiwa kuchishandiswa umhizha hune ungaru. Makambani anogadzira zvirimwa zvemaGMO anoti zvirimwa izvi zvinokurumidza kukura, zvichiburitsa goho rakakura, rinovaka muviri; hazvikanganiswi zvakananyanya nekusanaya kwemvura uye zvinoda zvekushandisa zvisoma kana zvichienzaniswa nezvirimwa zvagara zvichirimwa.

Vanhu vazhinji vanotywa kuti maGMO anogona kuva nezvaanokanganisa pane vanoodya kana kuti kuzvirimwa nezvipfuwo zvirimwa. Vamwe vanotywa kuti kukurudzira kushandiswa kwemaGMO kunoita kuti varimi vade kutenga mbeu dzemaGMO dzinodhura asi dzinogona kunge dzisingaiti zvakanaka munzvimbo dzavo uye dzinogona kusazadzikisa zvinotaurwa nemakambani anodzitengesa. Parizvino maGMO haabvumidzwi kutengeswa kana kurimwa muZimbabwe.

Nekuwanda kuri kuita vanhu munyika uye kushomeka kuri kuita chikafu kunokonzerwa nemamiriro ekunze, vatsvakurudzi vanofanira kugadzira mhando dzembeu nezvipfuwo zvisingakanganiswi nezvakaipa zvinokonzerwa nekushanduka kwemwaka asi vachideredza zvinokonzerwa nemhando idzi pavanhu, mhuka nenharaunda.

Zvimwe zvinochengetedza mwaka zvinokurudzirwa

Varimi vanofanirawo kubhadharira zvirimwa nezvipfuwo zvavo kumakambani anozovaripa kana pakaita njodzi yakonzerwa nekushanduka kwemwaka ikakanganisa zvirimwa nezvipfuwo izvi. Vanofanirawo kurarama nezvakasiyana-siyana, kwete kungowana chikafu nemari pamunda wavo chete.

19. Kushanduka kwemwaka kuri kuwedzera udyi nezvirwere zvezvirimwa nezvipfuwo here?

Hongu. Kuwedzera kupisa kwekunze kuri kuwedzera udyi nezvirwere zvinobata zvirimwa nezvipfuwo. Udyi nezvirwere zvizhinji zvinorarama munzvimbo dzinopisa uye dzine unyoro. Nokudaro, zvirimwa nemhuka zvinokanganiswa nyore nokupisisa kwekunze – izvi zvinoita kuti zvikanganiswe nyore neudyi nezvirwere. Mienzaniso ndeyemakonye *efall army worm* muzvirimwa zvakaite sechibage, udyi hwemadomasi hwakawanda nezvirwere zvemombe nembudzi zvinokonzerwa nezvishambwe, magupa/madari. Humwe udyi nezvirwere zvinogona kuparara nokuda kwekushanduka kwemwaka.

Mishonga inoshandiswa pakurwisa udyi nezvirwere zvezvirimwa nezvipfuwo

inodhura uye kugaroshandisa mishonga iyi kunoita kuti isazokwanisa kuparadza udyi nezvirwere izvi. Mishonga mizhinji inouraya udyi inourayawo zvipembenene zvinobatsirawo kuburikidza nekudya udyi – izvi zvinoita kuti dambudziko reudyi rikure. Pakugadzirwa kwemishonga inoshandiswa pakurima panoburitswa mweya inokonzera kupisa kwekunze inoiswa mumhepo. Zviri nane kuti varimi vashandise dzimwe nzira dzinobatsira kwenguva refu uye dzisingaburitsi mweya inokonzera kupisa kwekunze. Zvisinei, zvimwe zvinogona kuparara zvachose.

Tingaderedza udyi nezvirwere zvinokanganisa zvirimwa sei?

Kuti muderedze udyi nezvirwere muminda, mabindu emichero nemumagadheni:

- Rimai zvirimwa zvinoenderana nenzvimbo yenyu nemamiriro ekunze.
- Rimai panguva yakakodzera yegore.
- Chinjanisai zvirimwa muminda nemumagadheni enyu.
- Onai kuti ivhu rine kudya kwembeu kwakakwana, zvikuru sei kubva mumanyowa akaita seekombositi, mufudze uye kurima zvirimwa zvinounza kudya muvhu.
- Isai mvura yakaringana muzvirimwa asi ngaisawandisa sezvo kuwandisa kwayo kuchizokwezva udyi nezvirwere.
- Shandisai nzira dzepasichigaredzakaita sedota kana zvimwe zvinodzanga udyi zvinogadzirwa nezvirimwa zvine munhuhwi wakasimba.
- Bvisai uye paradzai zvirimwa zvose zvinenge zvatatwa nezvirwere

Tingaderedza udyi hwezvirimwa nezvirwere zvinobata zvipfuwo sei?


Kuti vaderedze udyi nezvirwere muzvipfuwo, varimi vanofanira:

- Kusarudza mhando dzezvipfuwo dzisingakanganiswi nekushanduka kwemwaka. Ivai nemhando dzezvipfuwo dzinodarika imwe chete.
- Onai kuti zvipfuwo zvawana chikafu chakanyatsonaka nemvura yakachena yakakwana.

Kudzivirira makonye efall army

Ongororo yakaitwa mu Africa yose yakawana nzira dzinonyanyodzivirira makonye efall army dzisingashandisi mishonga. Heano mazano kuvarimi:

- Rimai zvirimwa zvisinganyanyi kukanganiswa nekusanaya kwemvura uye zvinounza chikafu muvhu pakati pechibage. Izvi zvinokanganisa makonye aya zvichiadzivirira kuti asasvika pachibage.
- Rimai sora reNapier grass richikomberedza munda. Makonye anozodya sora iri pachinhambo chechibage.
- Memai munda uye tarisai pamadzinde echibage muchitsvaka makonye efall army nemazai awo. Paradzai chose chamunenge maona.
- Isai dota, raimu kana zvimwe zvakaita upfu mumashizha echibage.
- Kwezvai masvosve mumunda wenyu wechibage kuburikidza nekufafaidza shuga yakanyungudutswa mumvura. Masvosve anorwisa makonye aya.



Kurima chibage chakavhenganiswa nenyemba nekusima sora renapier kumacheto kweminda zvinoderedza kudyiwa kwezvirimwa nemakonye efall army

- Chengetedzai minda yemafuro nemafuro zvakanaka uye rimai zvirimwa nemiti zvinozoshandiswa kuwedzera chikafu chezvifuwo.
- Gadzirai matanga ezvifuwo akasimba uye akachena.
- Shandisai mishonga inodzivirira zvirwere uye dzivirirai zvishambwe, magupa/madari.

Mibvunzo yakabva kuvanhu vemuZimbabwe vanogara mumadhorobha

Sezvo vanhu vemumadhorobha vari ivo vanonyanya kushandisa mhando dzemoto dzakasiyana-siyana (kubva kumarasha, peturu, dhiziri negasi) uye zvekufambisa (zvinoshandisa peturu nedhiziri), ndivo vanonyanyoburitsa mweya inokonzera kupisa kwekunze nekushanduka kwemwaka. Vanhu vemumadhorobha vanofanira kushandura mararamiro avo kuti vararame zvinoenderana nekushanduka kwemwaka.

20. Kushanduka kwemwaka kuchakanganisa madhorobha nemaguta sei?

Nzvimbo dzemumadhorobha ndidzo dzichanyanya kukanganiswa nokuwedzera kupisa kwekunze, mafashamu emvura anokonzera nemvura yekunaya yakawandisa nekushaikwawo kwemvura. Zvinokanganisika pazvinhu zvakaite semigwagwa, mazambuko nezvivakwa zvinotarisirawo kuwedzera panguva iyo mweya ine tsvina inoenda mumhepo ichiwanda ichikonzera kushanduka kwemwaka.

Kuwedzera kupisa kwekunze

Nokuda kwekuti madhorobha nemaguta ane zvivakwa zvakananda, kongiri netara zvakananda uye ane miti mishoma kana zvichienzaniswa nekumaruwa, maguta anopisa zvakananyanya kupfuura maruwa. Nzvimbo dzemadhorobha nemaguta dzinotarisirawo kupisa zvakananyanya – kupisisa kwekunze kwenguva refu izvo zvinogona kukanganisa upenyu, zvikuru

sei hwevana vadiki, vanhu vakwegura nevanhu vane dzimwe mhando dzezvirwere.

Mhepo yemumadhorobha yagara isina kunaka nokuda kwekusafamba zvakanaka uye nezvivakwa zvakananda zvirimo, tsvina inobva mumotokari nemichina, kushaikwa kwemiti nokusafamba zvakanaka kwemhepo. Kupisisa kwekunze kuchaita kuti unaku hwemhepo huwedzere kuderera izvo zvinozokonzera zvirwere zvemapapu zvakaite seasima.

Vanhu vanoshandira mudzimba nevanoshandira panze vachakanganiwa zvakananyana sezvo kupisisa kwekunze kuchiita kuti zviome kana kuti zvisatogoneka kuti vaite mabasa avo.

Kupisisa kwekunze kuchakonzera kushandiswa kwemagetsi kwakananyana sezvo vanhu vachizowedzera kushandisa mafiriji nekutonhodza mhupo mumba. Izvi zvichawedzera mweya inokonzera kupisa kwekunze inoburitswa kunze kwekunge kwawanikwa umhizha hutsva.

Mafashamu emvura

Panguva yekunaya zvakananyana kwemvura, maguta mazhinji anotarisirwa kuita mafashamu emvura kudarika kumaruwa – mafashamu anogona kuwedzera nokuda kwekutadza kuchengetedza nokurasa marara ayo anozovhara nzira dzinofamba nemvura. Nokuda kwekuti nzvimbo zhinji dzemumaguta dzakavharidzirwa, mvura inonaya inonetseka kumwirira pasi.

Kuvaka mumatoro/mapani kunowedzera dambudziko iri nokuti munzvimbo idzi ndimo munomwirira mvura, izvo zvinoderedza mafashamu emvura asi zvichiwedzerawo mvura inozowanikwa muzvibhorani. Kushanduka kwemamiriro ekunze kunotarisirwa kuwedzera kushandiswa kwematoro/mapani nenzira dzinoaparadza, izvo zvinozoita kuti atadze kuraramisa vanhu panguva yekusanaya kwemvura. Izvi zvinoderedza kumwirira kwemvura maari.

Matambudziko makuru nekukanganisika kwemabasa ekuwanisa vagari vemumadhorobha zvekushandisa


Vagari vemumaguta vanorarama kuburikidza nekuwaniswa zvinhu zvakaita semvura, magetsi nekurasirwa marara kudarika vekumaruva. Kushanduka kwemamiriro ekunze kunogona kukanganisa kuitwa kwemabasa aya izvo zvinoita kuti vanhu vemumaguta vasaitirwa zvanofanira kuitirwa nenguva dzakafanira. Mabasa ekuwanisa vanhu zvekushandisa anotarisirwa kukanganiswa ne:

- mvura inonaya zvine hasha iyo inowanokanganisa tambo dzinofamba nemagetsi,
- mafashamu emvura ayo anoisa tsvina munzvimbo dzinowanikwa mvura nokuita kuti dzimwe nzvimbo dzisasvikika, uye
- chimvuramabwe chinoparadza dzimba, upenyu nemidziyo.

Kuwedzera kupisa kwekunze kuchawedzera njodzi yemoto neyevirwere.

Mamwe matambudziko

Nokuda kwematambudziko anokonzerwa nokushanduka kwemamiriro ekunze, vanhu vanogara mumadhorobha vanotarisirwa kukundikana kutumira mari kumhuri dzavo dziri kumaruva. Nenzira yakafanana, kusanaya kwemvura kunzvimbo dzekumaruva kunotarisirwa kukonzera



Kushandira mumadhorobha kuchava kwakaoma kana mhepo iri panzvimbo yekushandira isina kutonhodzwa

kukwira kwemitengo yezvekudya mumadhorobha.

Kusanaya kwemvura nokurwira mvura nezvimwe zviwanikwa kunzvimbo dzekumaruwa kunogona kukonzera kutama kwevanhu vakawanda vachienda kumadhorobha. Izvi zvichawedzera uwandu hwevanhu vanoda pekugara uye vanoda kuwaniswa zvekushandisa - izvi zvinogona kukonzera matambudziko ezveutano nokuwedzera kuparwa kwemhosva nokurwisana.

21. Chii chingaitwa nevagari vemumadhorobha pakugadzirisa zvinokonzerwa nekushanduka kwemwaka?

Vanhu vanogara mumadhorobha vanos ungirwa kutora matanho ekuti vararame nenzira inoenderana nekushanduka kwemwaka ekunze pamwe chete nekuderedza uwandu hwemweya inokonzerwa kupisa kwekunze.

Kurarama zvinoenderana nekushanduka kwemwaka mumadhorobha

Kusima miti nezvirimwa mumigwagwa nepazvivakwa. Izvi zvinogona kubatsira kuderredza kupisa kwekunze nokuwedzera kumwirira kwemvura muvhu izvo zvinoderredza mafashamu emvura. Zvivakwa zvinogona kutonhodzwa kuburikidza nokusima miti, zvirimwa zvinokura zvakanamira pamidhuri nezvimwewo zvirimwa kuitira kuti zviise bvute pamafafitera nepamatenga edzimba. Minda isina zvivakwa inogona kurimwa zvekudya pamwe chete nokuita nzvimbo dzekutandarira. Kurima mimwe miti panzvimbo dzokuti inozofukidzira dzimba, kuderredza kupisa nokupa mimvuri.

Kuchengetedzwa kwematoro/mapani kwakakosha zvakananyanya kuitira kuti mvura iwedzere kumwirira muvhu nekuwedzera uwandu hwemvura iri pasi pevhu. Mvura inenge iri mumapani nemumatoro ndiyo imwe inozoyerera ichiwedzera mvura mumadhamu munguva yechirimo.

Kuziva njodzi. Vemabhizimisi nevari mudzimba vose vanofanira kuziva njodzi dzinokonzerwa nokushanduka kwemamiriro ekunze vobva vitora matanho ekuderredza njodzi idzi.

Panofanira kuva nematanho **ekuchengetedza mvura** mumabhizimisi

nemudzimba dzose uye vanhu vanofanira kutora matanho ekuderedza tsvina inoenda mumvura kuitira kuti zvive nyore kuzoishandisa zvakare.

Kunofanira kushandiswa nzira dzinobatsira mune zveupfumi dzinoderedza mweya ine tsvina inoiswa mumhepo uye dzinowedzera rusununguko rwevanhu kubva kumatambudziko ekutadza kuwania zvekushandisa. Izvi zvinotaurwa nezvazvo zvine udzamu muchikamu chinotevera.

Kuderedza matambudziko mumadhorobha

Kushandisa nzira dzekugadzira magetsi dzakachena dzakaita sekushandisa zuva – kusanganisira kuisa midziyo inodziisa mvura padzimba nemagetsu ezuva. Vagari vemumadhorobha vanogonawo kushandisa manyowa kana kuti mvura yabva muzvigadzirwa pakugadzira moto. Matanho aya anoitawo kuti magetsi awanikwe panguva yekunge magetsi anogadzirwa nenyika asipo. Kana magetsi akawandisa pamba kupfuura anodiwa kushandiswapo, mamwe anogona kudzororwa kune nyika - izvi zvinoderedza uwandu hwemari inodiwa pakubhadhara magetsi pamba kuburikidza nechirongwa chichangobva kuvambwa che‘net metering’ programme.

Umhizha hunoshandisa magetsi nenzira yakanaka. Vemabhizimisi nevari mudzimba vanofanira kuchinja magirobhu ose kuti vashandise anochengetedza magetsi. Vanogonawo kushandisa umhizha hwakaita sehunotungidza magetsi, michina yekukwirisa matanho nemichina inoshandiswa kutakura zvinhu panguva yakakodzera chete. Kunogonawo kushandiswa michina inovandudza moto unodikanwa mumichina.

Deredzai marara uye vandudzai nzira dzekuchengetedza nekurasa nadzo marara. Izvi zvinogona kusanganisira kuderedza mapepa epurasitiki ekutakurira zvinhu uye kuva nezvekutakurira zvinhu zvinoshandiswa kakawanda kana kuti zvinogona kuparadzwa zvisingakanganisi nharaunda.

Shandisai tsvina inobva mumakambani anogadzira zvinhu pakugadzira zvimwe zvinhu. Kukurudzira kushandiswa zvakare kwezvinhu nokuderedza tsvina inobva pakugadzirwa kwezvinhu kunoderedza mhepo ine tsvina inoiswa mumhepo, kuderedza zvinokanganiswa munharaunda nokuwedzera

pundutso.


Shandisai zvifambiso zvinotakura ruzhinji rwevanhu kana kuti chovhai bhasikoro pakuenda kubasa kana kuti kuchikoro. Gadziraiwo zvekufambisa zvinoshandisa mhando dzemoto dzinoshandiswa kakawanda.

Shandisai umhizha hutsva pakuvaka kuti muderedze nyaya yekutonhodza mhengo. Shandisai marata nemafafitera anobvumidza chiedza kupinda mumba. Tsvakai zvimwe zvinotsiva semende iyo inonyanya kuburitsa mweya inokonzera kupisa kwekunze.

Kuisa mari mumabasa ezveupfumi asingaburitsi mweya inokonzera kupisa kwekunze nekushanduka kwemwaka

Matanho aya anogona kuwanisa mikana mitsva kune vemabhizimisi uye kuwanisa vanhu mabasa sechikamu chezvinozivikanwa semabasa ezveupfumi asingaburitsi mweya inokonzera kupisa kwekunze ayo ane zvikamu zvitanhatu:

- Kugadzira magetsi nenzira dzinoramba dzichiburitsa moto kwenguva refu
- Zvivakwa zvakakomberedzwa nemiti
- Zvifambiso zvichashandiswa kwenguva refu
- Kushandisa mvura zvakanaka
- Kurasa marara kwakakodzera
- Kuchengegetza ivhu ne nharaunda



Guta remuZimbabwe mune ramangwana rinenge rine magetsi emumigwagwa anogadzirwa kubva pazuva, zvitapazuva pazvivakwa, zvakwa zvakavharidzirwa nezvirimwa kuitira kuti zvitonhorere, zvirimwa zvinorimwa panzvimbo dzisina kuvakwa, miti yakasimwa ichitevedza migwagwa, mabhasikoro akatakura vanhu nezvinhu uye bhazi rinoshandisa magetsi echitapazuva

Gwaro rino rine chinangwa chekupa vanhu vemuZimbabwe mhinduro dzakajeka uye dziri nyore kune mimwe yemibvunzo inowanjobvunzwa maererano nekushanduka kwemamiriro ekunze. Pakunyora gwaro rino takaunganidza mibvunzo kubva kuvanhu vemuZimbabwe vakasiyana-siyana, kumaruwa nekumadhorobha. Gwaro rino riri muzvikamu zvishanu zvinoti:

- Mibvunzo yakasiyana-siyana maererano nekushanduka kwemamiriro ekunze
- Zvinokonzerwa nekushanduka kwemamiriro ekunze muZimbabwe
- Zviri kuitwa maererano nekushanduka kwemamiriro ekunze
- Mibvunzo yakabva kuvanhu vemuZimbabwe vanogara kumaruwa
- Mibvunzo yakabva kuvanhu vemuZimbabwe vanogara kumadhorobha

